

**IMPLIKATUR SAJRONE PACATURAN BASA JAWA ING MEDHIA WHATSAPP GRUP 2014 B  
TAUN 2017**

**Alvian Bayu Kresna**

**Pembimbing: Yohan Susilo, S. Pd., M. Pd.**

S-1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, FBS, UNESA ([alvianbayu6@gmail.com](mailto:alvianbayu6@gmail.com))

**Abstrak**

**ABSTRAK**

Implikatur sajrone panliten iki yaiku pacaturan basa Jawa ing medhia *whatsapp* amarga tuturan kang dumadi antarane wong siji lan liyane ngemu makna sajrone pacaturan lan maksud liya karo apa kang sabenere dikandhakake. Tujuwan nliti implikatur sajrone pacaturan basa Jawa ing medhia *whatsapp* grup 2014 B taun 2017 amarga *whatsapp* minangka sosial medhia kang saiki lagi digandrungi dening bebrayan lan panliten ngenani implikatur ing medhia sosial mliline pacaturan basa Jawa sajrone *whatsapp* durung ana sadurunge.

Asil panliten iki diweruhi jinis implikatur. Jinis implikatur iki ana loro, yaiku (1) implikatur konvensional kang diperang maneh dadi loro, yaiku implikatur konvensional simbolik lan implikatur konvensional non-simbolik. (2) Jinis implikatur konversasional, uga diperang maneh dadi loro, yaiku implikatur konversasional umum lan implikatur konversasional mligi. Uga diweruhi tujuwan implikatur kang kaperang dadi loro, yaiku implikatur kanthi tujuwan *ekspresif* lan implikatur kanthi tujuwan *direktif*.

Tembung Wigati: Implikatur, Pacaturan, Medhia *Whatsapp*, Grup 2014 B

**PURWAKA**

**1.1 Landhesane Panliten**

Panliti bakal nliti implikatur sajrone pacaturan ing medhia *whatsapp*. Panliti milih implikatur sajrone pacaturan ing medhia *whatsapp* amarga tuturan kang dumadi antarane wong siji lan liyane ngemu makna sajrone pacaturan lan maksud liya karo apa kang sabenere dikandhakake. Anane maksud kang beda sajrone tuturan, iku bisa nuwuhake makna kang sabenere utawa implikatur ngenani bab kang diwedharake sajrone tuturan. Dene dhata kang bakal digunakake yaiku pacaturan ing grup 2014 B taun 2017. Pungkasane panliti bakal nindakake panliten kanthi irah-irahan Implikatur sajrone Pacaturan Basa Jawa ing Medhia *Whatsapp* Grup 2014 B Taun 2017.

Implikatur minangka subbab ing pragmatik kang ngandharake makna sajrone pacaturan. Implikatur arupa tuturan kang ngandhakake samubarang, nanging duweni maksud beda karo apa kang sabenere dikandhakake. Maksud kang beda ing kene arupa maksud tuturane panutur kang diandharake kanthi cara *eksplisit* (sumirat)

kang duweni paedah sajrone konteks. Konteks kasebut bisa nuwuhake tumindak *komunikasi*/pacaturan antarane pawongan siji lan liyane. Kabeh pacaturan kang dituturake dening panutur bisa diimplikasikake lan ngasilake makna uga teges kang maneka warna. Pangerten ngenani makna kang dimaksud panutur yaiku gumantung saka konteks tuturane panutur, nanging anane implikatur sajrone pacaturan kasebut ana rong pangira saka mitra tutur yaiku, tuturan kasebut bisa dingerten dening mitra tutur lan tuturan kang ora bisa dingerten dening mitra tutur.

Implikatur minangka sawijine konsep kang wigati sajrone ilmu pragmatik lan nuduhake pragmatik minangka sawijine perangan ilmu basa. Implikatur minangka maksud kang sumirat sajrone tuturan. Implikatur bisa ditegesi minangka makna tambahan kang diandharake dening penutur. Yule (1996:35) ngandharake yen implikatur yaiku samubarang kang ditegesi utawa dikarepake dening panutur kang liya karo bab kang sanyatane dituturake dening panutur. Implikatur bisa

ditemokake utawa diwujudake yen anane panutur lan mitra tutur kang padha duweni tuturan sajrone pacaturan.

Pacaturan isa uga disebut omongan utawa rerembungan. Pacaturan uga bisa ditegesi tuturan utawa micara. Micara duweni tujuwan medharake maksud lumantar basa. Maksud kang diwedharake pamicara bisa diwedharake kanthi cara langsung utawa ora langsung. Kanggo ngerten maksud kang ora langsung diwedharake, dibutuhake pasinaon pragmatik. Sajrone pasinaon pragmatik akeh ilmu liya kang digunakake kanggo ngerten utawa nyinaoni maksud wedharane pamicara. Salah sawijine yaiku implikatur, implikatur minangka salah siji bidhang ilmu sajrone pragmatik kang dirasa bisa dirembakakake luwih amba.

Mula pasinaon iki dijupuk kanggo nyinaoni maksud sajrone tuturan. Salah sawijine pacaturan ing jaman saiki bisa ditindakake lumantar medhia sosial. Pamawas kasebut disengkuyung dening dhata asile panliten saka Laporan Tetra Pak Index 2017 (<https://inet.detik.com>) ngandharake yen bebrayan ing Indonesia ngakses internet kuwi cacahe kurang luwih 132 yuta, dene kang nggunakake medhia sosial kuwi cacahe ana 40%. Bisa dingerten yen bebrayan Indonesia kang nggunakake medhia sosial kuwi cacahe kurang luwih 52,8 yuta. Salah sijine sisoal medhia kang digunakake dening bebrayan Indonesia mau ana kang nyawisake *fitur chatting* kang gampang lan murah. Aplikasi kang dimaksud salah sijine yaiku *whatsapp*.

*Whatsapp* yaiku aplikasi *pesan* kang ana sajrone *smartphone* (HP), yen dideleng saka fungsine *whatsapp* saemper karo *aplikasi SMS* kang umum digunakake ing *ponsel*. Nanging *whatsapp* ora nggunakake pulsa kanggo ngoprasekake, yaiku *whatsapp* nggunakake *data internet*. Dadi, ing aplikasi iki ora usah kuwatir bab dawa cekake *karakter* utawa cacahe aksara kang diketik. Ora ana watesane, sasuwene *data internet* isih cukup lan sambungan sinyal uga kuat nalika digunakake.

Panliten ngenani implikatur iki arang ditliti ing basa Jawa. Akeh-akehe panliten ngenani makna kang sinigid utawa implikatur ditliti ing basa Indonesia utawa basa Inggris. Kanyatan kaya mangkono bisa dijalari menawa panliti sadurunge durung ngerti sejatine objek kang bisa dijupuk kuwi akeh banget lan narik kawigaten kanggo ditliti

sajrone basa Jawa. Adhedhasar lelandhesan ing ndhuwur, mula panliti ing kene bakal nliti pacaturan ing medhia sosial mligine ing aplikasi *whatsapp* kang dadi daya tarik bebrayan utamane para mudha ing jaman saiki.

## 1.2 Underane Panliten

Adhedhasar landhesane panliten ing ndhuwur, mula panliten iki bakal dipunjerake ing rong prekara ing ngisor iki.

- (1) Apa wae jinise implikatur sajrone pacaturan basa Jawa ing medhia *whatsapp* grup 2014 B taun 2017?
- (2) Apa tujuwan kang kinandhut ing implikatur sajrone pacaturan basa Jawa ing medhia *whatsapp* grup 2014 B taun 2017?

## 1.3 Ancase Panliten

Adhedhasar landhesane panliten lan punjere panliten ing ndhuwur, mula panliten iki duweni ancas kaya kang sinebut ing ngisor iki.

- (1) Njlentrehake jinise implikatur sajrone pacaturan basa Jawa ing medhia *whatsapp* grup 2014 B taun 2017.
- (2) Njlentrehake tujuwan kang kinandhut ing implikatur sajrone pacaturan basa Jawa ing medhia *whatsapp* grup 2014 B taun 2017.

## 1.4 Paedahe Panliten

Saben panliten wis mesthi duweni paedah, kaya dene ing panliten implikatur sajrone pacaturan basa Jawa ing medhia *whatsapp* grup 2014 B taun 2017. Paedah sajrone panliten iki bisa diperang dadi loro, yaiku paedah teoretis lan paedah praktis.

### 1.4.1 Paedah Teoretis

Paedah teoretis asile panliten iki bisa kanggo panyengkuyung ngrembakakake pasinaon pragmatik Jawa kang wis ana sadurunge. Saliyane kuwi, asile panliten iki bisa nambahi kawruh lan wawasan kang duweni sesambungan karo ilmu pragmatik, mligine ing pasinaon implikatur.

### 1.4.2 Paedah Praktis

Asile panliten iki bisa menehi ilmu lan nambahi kawruh tumrap para mahasiswa lan siswa ing sekolahan ngenani piwulangan basa Jawa. Saliyane kuwi, saka asile panliten iki pawongan ngerti lan bisa nuturake tuturan kanthi cara kang bener lan pener. Pungkasane yaiku dikarepake

supaya panliten iki bisa menehi wawasan tumrap pamaca yen dadi mitra tutur utawa pamaca.

### 1.5 Wewatesane Panliten

Panliten iki ana watesane prekara kang ditliti. Anane prekara-prekara kasebut diwatesi amarga saka kurang rowane kawruh kang diduweni panliti. Wewatesan kapung pisan yaiku ngenani basa, basa sajrone panliten iki nggunakake basa Jawa ngoko. Wewatesan kapung pindho yaiku ngenani sumber dhata saka panliten iki mung pacaturan ing medhia sosial saka *aplikasi whatsapp*. Wewatesan kang pungkasan yaiku dhata kang digunakake arupa ukara-ukara pacaturan ing grup 2014 B taun 2017.

### 1.6 Panjlentrehe Tembung

Supaya ora kliu anggone ngerten tembung-tembung kang digunakake ing panliten iki, mula prelu diandharake wewatese tetembungan ing panliten iki. Tetembungan kang digunakake ing panliten iki yaiku:

#### 1.6.1 Implikatur

Wijana lan Rohmadi (2009:227) implikatur minangka tuturan kang ngandhut maksud tartamtu utawa maksud kang disingidake, maksud liyane karo kang dituturake. Implikatur bisa dingerten ikanthi gampang yen antarane panutur lan mitra tutur duweni pamawas padha. Pengalaman lan kawruh kang dikarepake ing kene yaiku pengalaman lan kawruh ngenani maneka warna konteks tuturan kang kalebu ukara-ukara kang diandharake dening penutur.

#### 1.6.2 Panutur

Sudaryanto (2001:765) ngandharake yen panutur yaiku uwong kang pinter gunem. Dene Nadar (2009:8) ngandharake panutur iku O1 (*orang ke I*) minangka uwong kang nuturake sithik akehe tuturan. Dadi panutur iku bisa ditegesi uwong kang pinter gunem kang menehi tuturan tumrap mitra tutur. Dhasare panutur gumantung saka jinis kelamin, asal dhaerah, asal golongan masyarakat, umur, profesi, klompok etnik, lan agama.

#### 1.6.3 Mitra Tutur

Nadar (2009:8) ngadharake yen mitra tutur iku O2 (*orang ke II*) kang dadi lawan tuture panutur. Mitra tutur bisa ditegesi uwong kang diajak

guneman dening panutur. Mitra tutur minangka pananggape panutur, bisa uga ditegesi uwong kang dadi punjere saka panutur.

## METODHE PANLITEN

Metodhe panliten mujudake perangan kang digunakake kanggo ngandharake trap-trapan kang ditindakake ing panliten. Ing tatacarane panliten iki bakal dijlentrehake ngenani ancangan panliten, sumber dhata lan dhata, instrumen panliten, lan tatacarane panliten. Luwi jangkepe ing ngisor iki.

### 3.1 Ancangan Panliten

Saben panliten mesti nggunakake metodhe panliten kanggo nggayuh tujuwan kang wis dirumusake. Djajasudarma (1993:3) ngandharake yen metodhe panliten mujudake piranti, prosedhur, lan teknik kanggo nliti objek kang dipilih dening panliti. Metodhe panliten basa duweni sesambungan karo tujuwan panliten basa. Panliten basa duweni tujuwan kanggo nglumpukake, ngolah sarta nyinaoni fenomena-fenomena basa. Panliten kang nggunakake metodhe kualitatif tegese panliten iku nggunakake prosedur tartamtu kanggo ngasilake dhata dheskriptif kang wujude tembung-tembung kang ditulis utawa lisan saka manungsa. Sajrone panliten kualitatif metodhe kang digunakake yaiku wawancara, pengamatan, lan metodhe kang manfaatake dokumentasi.

Panliten iki nggunakake metodhe dheskriptif kualitalif. Sudaryanto (1993:62) ngandharake dheskriptif kualitatif yaiku panliten kang nengenake kanyatan utawa tandha-tandha *empiris* kang ana sajrone pribadine panutur. Panliten dheskriptif minangka panliten kang nuduhake anane kanyatan ing lapangan kang duweni sesambungan karo panliten iki. Panliten dheskriptif nganalisis kanyatan-kanyatan kanthi nggunakake cara observasi langsung. Kanthi ancangan dheskriptif kualitatif, panliten iki dikarepake bisa ngolehake gegambaran kang cetha lan objektif ngenani implikatur sajrone pacaturan basa Jawa ing medhia sosial *whatsapp* grup 2014 B taun 2017. Mahsun (2012:117) uga weneh rembug yen panliten sinkronis yaiku panliten basa kanthi nliti fenomena sawijine wektu tartamtu. Panliten basa kanthi cara sinkronis yaiku panliten kang ditindakake kanthi

ndeleng fenomena basa ing wektu tartamtu lan nduweni sipat dheskriptif. Ana telung cara kang ditindakake, yaiku nyepakake dhata, nganalisis dhata, lan ngrumusake asile panliten.

### 3.2 Sumber Dhata lan Dhata

Sadurunge nindakake panliten, panliti kudu nemtokake ubarampe panliten. Ubarampe panliten kuwi ing antarane yaiku sumber dhata lan dhata. Andharan antarane sumber dhata lan dhata bakal diandharake ing ngisor iki.

#### 3.2.1 Sumber Dhata

Sumber dhata yaiku subjek saka ngendi anggone nemokake dhata kasebut, Arikunto (1988:144). Miturut Sutopo (2006:56-57), sumber dhata yaiku papan panggonan dhata mau bisa ditemokake kanthi nggunakake metodhe tartamtu, bisa arupa manungsa, artefak, utawa dokumen-dokumen. Sumber dhata mau banjur dikumpulake kanthi cara ndeleng, ngrungokake, lan takon. Panliten kualitatif, nindakake sakabehe proses kuwi kanthi sadhar, manut arah, lan tansah duweni ancas supaya pikantuk informasi kang diperlokake.

Sumber dhata uga mujudake perangan kang baku sajrone panliten, antarane sumber dhata lan panliten kudu duweni sesambungan kang baku lan kuwat. Sumber dhata ing panliten iki asale saka *screenshot chat* (pesan) uga pethilan saka status sajrone *whatsapp* grup 2014 B taun 2017.

#### 3.1.1 Dhata

Dhata yaiku sakabehane kanyatan kang bisa dadi bahan nyusun sawijine informasi utawa asale cathetan panliti kang diolah kanggo asile panliten. Miturut Mursidin (2010:169), dhata kang bener yaiku dhata kang ana kaya kahanan asline. Dhata kang bener iku ngandhut teges ing sawalike dhata kang ana kasebut. Dhata kang ana sajrone panliten iki yaiku nggunakake dhata sekundher. Dhata sekundher yaiku dhata kang ana sajrone medhia sosial, buku, majalah, lan liya-liyane. Sudaryanto (1993:11). Dene dhata sekundher ing panliten iki digoleki sajrone ukara-ukara utawa tetembungan, *voice note* (audio swara) kang digunakake sajrone pacaturan basa Jawa ing medhia sosial *whatsapp* grup 2014 B taun 2017. Dhata kang ditliti kasebut wis kasil kacathet sawise nindakake proses nyemak lan dokumentasi pacaturan ing medhia sosial *whatsapp*. Dhata sajrone panliten iki arupa ukara-

ukara kang digunakake sajrone pacaturan medhia sosial *whatsapp*.

### 3.2 Instrumen Panliten

Instrumen panliten yaiku piranti kang digunakake kango ngukur fenomena alam utawa sosial kang dijingglensi, Sugiyono (2006:102). Instrumen panliten uga bisa ditegesi minangka piranti kang digunakake kanggo ngumpulake dhata utawa informasi panliten, Sanjaya (2011:84). Adhedhasar rong pamawas kasebut, dudutan kang bisa dituwuhake yaiku instrumen sajrone panliten kuwi yaiku panliten pribadi.

Instrumen panliten kang digunakake sajrone panliten ana loro, yaiku instrument utama lan instrument panyengkuyung, Muhammad, (2011:31). Instrumen panliten uga mujudake piranti kanggo njupuk dhata relevan kang digunakake sajrone panliten. Instrumen panliten duweni paedah kang wigati sajrone panliten. Instrumen kasebut dipilih adhedhasar jinis lan akehe dhata kang digunakake kanggo njlentrehake underane panliten. Instrumen kang digunakake sajrone panliten iki yaiku panliti minangka instrumen utama lan HP, piranti kanggo nulis, lsp.

### 3.3 Tata Cara Nglumpukake Dhata

Tata cara nglumpulke dhata, miturut Sugiyono (2014:82) minangka tahap kang paling strategis sajrone panliten, amarga tujuwan kang utama sajrone panliten yaiku kanggo nglumpukake dhata. Tanpa meruhi tata cara nglumpulake dhata, mula panliti ora bakal pikantuk dhata kang gathuk karo standar kang ditetepake. Pangumpuan dhata bisa ditindakake ana ing panggonan, sumber, lan kanthi cara apa wae. Tata cara pangumpulan dhata yen dideleng saka carane bisa ditindakake kanthi observasi, wawancara, angket, dokumentasi lan gabungan saka cara kasebut.

Miturut Hamidi (2004:72) metodhe dokumentasi yaiku informasi kang asale saka cathetan kang wigati saka lembaga utawa organisasi utawa saka liyan. Dokumentasi panliten kuwi minangka kagiyatan kanggo njupuk gambar dening panliti kanggo nguwatake asile panliten. Miturut Sugiyono (2014:82) dokumentasi bisa awujud tulisan, gambar utawa karya-karya *monumental* kang dianggit dening manungsa.

Tatacara kang digunakake kanggo nglumpukake dhata ing panliten iku yaiku nggunakake metodhe dokumentasi. Dokumentasi minangka teknik nglumpukake dhata dening panliti kanthi cara ngumpulake dhokumen-dhokumen saka sumber kang dipercaya. Metodhe dhokumentasi miturut Arikunto (2006:231) yaiku proses kango ngumpulake dhata ngenani variabel kang arupa cathetan, traskrip, buku, surat kabar, majalah, prasasti, notulen rapat, agenda, lsp.

Dokumentasi sajorne panliten iku ditindakake nalika panliti ngumpulake bukti saka pacaturan grup kelas 2014 B ing medhia *whatsapp* kanthi cara *screenshot*. *Screenshot* yaiku cara kanggo nangkep apa kang lagi disuguhake ing layar HP. Dhata kasebut banjur digolongake adhedhasar jinis implikatur, pamilihe tembung, sarta tujuwan saka pacaturan kasebut. Dhata kang wis diolehi lan digolongake kasebut pungkasane bakal dijilentrehake kanthi cara dheskriptif. Luwih cetha baka diandharake ing bageyan sabanjure.

#### 3.4 Tata Cara Njlentrehake Dhata

Njlentrehake dhata yaiku proses kanggo nggoleki lan nyusun dhata kanthi sistematis, banjur merang dhata-dhata kasebut menyang kategori-kategori, ngandharake sajrone satuan-satuwan, nidakake saintesa, nyusun pola, dipilih apa kang wigati lan apa kang arep ditintingi, lan nggawe dudutan saengga bisa dingertenii Sugiyono

(2014:89). Dhata kang dianalisis sajrone panliten iku yaiku pacaturan basa Jawa ing medhia *whatsapp* grup 2014 B taun 2017. Dhata kang dikarepake digolongake ing jinis implikatur. Sawise dhata wis kecekel, banjur dhata iku dionceki/diandharake maksud kang dikarepake panutur marang mitra tutur lan diandharake status sosial uga sesambungan antarane panutur lan mitra tutur liyane. Dene jinis implikatur wis dijilentrehake, banjur saka dhata kang dianalisis kuwi mau diandharake tujuwan implikatur sajrone pacaturan basa Jawa ing medhia *whatsapp* grup 2014 B taun 2017.

#### 3.5 Tata Cara Nyuguuhake Asile Panliten

Sajrone panliten iki, tata cara nyuguuhake asile njlentrehan dhata yaiku kanthi ngandharake asil njlentrehake dhata awujud laporan ngenani jinis-jinis implikatur sajrone pacaturan basa Jawa ing medhia *whatsapp* grup 2014 B taun 2017. Dhata kang wis digolongake marang jinis implikatur lan wis dijilentrehake banjur disuguhake kanthi jangkep antarane teks lan konteks. Sakabehe dhata ing panliten iku minangka jinis implikatur. Dhata-dhata kasebut dijilentrehake kanthi metodhe formal yaiku ngandharake kanthi tandha-tandha lan lambang, sarta metodhe informal yaiku ngandharake kanthi nggunakake basa (Sudaryanto, 1993:144)

### ANDHARAN LAN ASILE PANLITEN

Ing bab papat iki bakal diandharake asile panliten ngenani implikatur sajrone pacaturan basa Jawa ing medhia *whatsapp* grup 2014 B taun 2017 adhedhasar underan panliten kang wis dijilentrehake ing bab sadurunge. Underan perkara kang bakal dijilentrehake ing bab IV iku ana telu, yaiku 1) jinis implikatur sajrone pacaturan basa Jawa ing medhia *whatsapp* grup 2014 B taun 2017 2) pola pamilihe tembung lan ukara ing implikatur sajrone pacaturan basa Jawa ing medhia *whatsapp* grup 2014 B taun 2017 lan 3) tujuwan kang kinandhut ing implikatur sajrone pacaturan basa Jawa ing medhia *whatsapp* grup 2014 B taun 2017.

Katelune bakal diandharake lan dijilentrehake ing ngisor iki.

#### 4.1. Jinis Implikatur sajrone Pacaturan Basa Jawa ing Medhia WhatsApp Grup 2014 B Taun 2017

Wujud implikatur kaperang dadi loro, yaiku implikatur konvensional lan implikatur konversasional (pacaturan). Pambeda kaloro implikatur kasebut yaiku wujud kaloro implikatur kasebut gumantung marang kanyatan sajrone panganggone konvensional, utawa makna, wujud-wujud tartamtu lan *ekspresi* dene kang kaping loro kawiwitlan saka anane prinsip umum kang ngatur tumindak lan cecaturan. Panliten iki bakal nggolongake uga ngandharake pacaturan-pacaturan grup *whatsapp* 2014 B taun 2017 ing jinis implikatur konvensional lan implikatur

konversasional kasebut, luwih cethane bakal diandharake ing ngisor iki.

#### **4.1.1 Jinis Implikatur Konvensional sajrone Pacaturan Basa Jawa ing Medhia Whatsapp Grup 2014 B Taun 2017**

Implikatur konvensional yaiku implikatur kang wujud tuturane bisa diweruhi implikasine jalaran makna kang kinandhut asipat awet lan umum. Implikatur konvensional kuwi bisa dingerten i saha teges kang gumathok lan ajeg. Jinis implikatur konvensional ana loro, yaiku 1) implikatur konvensional simbolik lan 2) implikatur konvensional non-simbolik. Pacaturan-pacaturan grup *whatsapp* 2014 B taun 2017 kang wis diklumpukake ing jinis implikatur konvensional ing ngisor bakal diandharake ing implikatur konvensional simbolik lan implikatur konvensional non-simbolik.

##### **4.1.1.1 Jinis Implikatur Konvensional Simbolik sajrone Pacaturan Basa Jawa ing Medhia Whatsapp Grup 2014 B Taun 2017**

Implikatur konvensional simbolik mujudake implikatur kang duweni titikan panganggone simbol. Simbol kang dimaksud ing kene yaiku tandha kang makili wujud basa, kaya swara, fonem, morfem, utawa tembung kang asipat konvensional. Implikatur konvensional simbolik sajrone pacaturan grup *whatsapp* 2014 B taun 2017 duweni titikan yaiku anane simbol-simbol kang arupa *emoji* (ekspresi wajah) uga ngguyu lan sedhiah/nangis. Implikatur konvensional simbolik kang nggunakake ekspresi-ekspresi kang kinandhut sajrone pacaturan *whatsapp* kuwi mau bakal luwih nguripake pacaturan kasebut, lan melu nyiptakake swasana. Pacaturan-pacaturan grup *whatsapp* 2014 B taun 2017 kang wis diklumpukake ing jinis implikatur konvensional simbolik bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

(1) **Karisma** : Rek, tugas Kurikulum gak ditumpuk dadi siji ta?

'Teman-teman, tugas kurikulum apa tidak dikumpulkan menjadi satu?'

**Lutfi** : Gak isa turu rek

Tugas telkum iki diapakna sih rekk. Yang direkontruksi iki apane? Rek sing ngerti warai ya rek. Paringi tuladha.. nggih nuwun \*ambung\*  
'Tidak bisa tidur Rek, tugas telkum ini diapakan sih Rekk. Yang

direkontruksi ini apanya? Rek yang mengerti tolong diajari ya Rek. Beri contoh.. ya makasih' (Whatshapp grub 2014 B 2/Januari/2017)

Pacaturan ing ndhuwur bisa tuwuhan amarga panutur bingung kepriye numpuk tugas telaah kurikulum. Banjur mitra tutur nanggepi yen dheweke uga bingung kepriye carane ngerjakake lan njaluk tulung supaya diwarai carane nggarap. Pacaturan kasebut kalebu jinis implikatur konvensional simbolik amarga anane simbol *emot icon* ambung saha mitra tutur, *emot icon* kasebut nuduhake yen mitra tutur kuwi njaluk tulung banget supaya diwarai nggarap Telaah Kurikulum. Implikatur saha pacaturan kasebut yaiku ora kabeh wis nggarap tugas Telaah Kurikulum. Konteks saha pacaturan implikatur konvensional simbolik kasebut yaiku mahasiswa kang padha bingung.

Dhata (1) adhedhasar anane tugas ing kampus ngenani mata kuliyan Telaah Kurikulum kang mbingungake tumrap mahasiswa kelas 2014 B, bisa diweruhi yen panutur minangka salah sijine mahasiswa anggota kelas 2014 B. Pacaturan iku ditanggepi dening mitra tutur kang uga mahasiswa anggota kelas 2014 B. Dadi, panutur (Karisma) lan mitra tutur (Lutfi) duweni sesambungan status sosial yaiku rumaja wadon lan rumaja wadon, sesambungane panutur lan mitra tutur yaiku kanca raket, uga bisa diweruhi yen pacaturan kasebut ing wayah esuk. Pacaturan iki kalebu jinis implikatur konvensional simbolik.

##### **4.1.1.2 Jinis Implikatur Konvensional Non-Simbolik sajrone Pacaturan Basa Jawa ing Medhia Whatsapp Grup 2014 B Taun 2017**

Implikatur konvensional non-simbolik mujudake implikatur kang tanpa simbol. Implikatur konvensional non-simbolik sajrone pacaturan grup *whatsapp* 2014 B taun 2017 yaiku implikatur kang tanpa simbol lan bisa dingerten implikasine lumantar tembung-tembung kang digunakake ing pacaturan grup *whatsapp* 2014 B taun 2017. Pacaturan-pacaturan grup *whatsapp* 2014 B taun 2017 kang wis diklumpukake ing jinis implikatur konvensional non-simbolik bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

(2) **Luluk** : Rek dhata dhiri sing nang Siakad kuwi nang isien! Kuwi gawe dhata dhiri ng Dikti. Sing durung sapa?

'Rek data diri yang di Siakad itu segera diisi! Itu untuk data'

*diri di Dikti. Yang belum siapa saja?’*

**Yoseph** : Sing ndi iku  
'yang mana itu'

*(Whatshapp grub 2014 B 3/Januari/2017)*

Pacaturan ing ndhuwur bisa tuwu amarga panutur menehi weruh yen dhata dhiri kang kudu di isi amarga kanggo dhata dhiri ing Dikti. Banjur mitra tutur nanggepi yen dheweke ora weruh marang arane Dikti iku kang ngendi. Pacaturan kasebut kalebu jinis implikatur konvensional non-simbolik amarga ora tuwu utawa ora ana simbol-simbol kang katon ing pacaturan kasebut. Implikatur saka pacaturan kasebut yaiku menehi weruh dhata dhiri kang kudu di isi amarga kanggo dhata dhiri ing Dikti. Konteks saka pacaturan implikatur konvensional non-simbolik kasebut yaiku mahasiswa 2014 B kang lagi wara-wara utawa menehi weruh.

Dhata (8) adhedhasar anane dhata dhiri kang kudu di isi amarga kanggo dhata dhiri ing Dikti, bisa diweruhi yen panutur minangka salah sijine mahasiswa anggota kelas 2014 B. Pacaturan iku ditanggepi dening mitra tutur kang uga mahasiswa anggota kelas 2014 B. Dadi, panutur (Luluk) lan mitra tutur (Yoseph) duweni sesambungan status sosial yaiku rumaja wadon lan rumaja lanang, sesambungane panutur lan mitra tutur yaiku kanca raket, uga bisa diweruhi yen pacaturan kasebut ing wayah bengi. Pacaturan iki kalebu jinis implikatur konvensional non-simbolik.

#### **4.1.2 Jinis Implikatur Konversasional sajrone Pacaturan Basa Jawa ing Medhia Whatsapp Grup 2014 B Taun 2017**

Implikatur konversasional utawa implikatur pacaturan tuwu ing sawijine tindak tutur. Implikatur pacaturan asipat temporer lan non-konvensional. Implikatur konversasional bisa ditegesi yaiku ngandharake bab kang dianggep, ditegesi, utawa dikarepake dening panutur bisa beda karo kang diandharake panutur. Implikatur koversasional/pacaturan kaperang maneh dadi loro, yaiku implikatur pacaturan umum lan implikatur pacaturan *khusus/ mligi*. Pacaturan-pacaturan grup *whatsapp* 2014 B taun 2017 kang wis diklumpukake ing jinis implikatur konversasional ing ngisor bakal diandharake ing implikatur konversasional umum lan implikatur konversasional *khusus/ mligi*.

##### **4.1.2.1 Jinis Implikatur konversasional Umum sajrone Pacaturan Basa Jawa ing Medhia Whatsapp Grup 2014 B Taun 2017**

Implikatur pacaturan umum ora nduwe lelandhesan utawa paugeran *khusus/ mligi* lan konteks tuturan kang diajab bisa menehi dudutan utawa makna tambahan saka anane tuturan. Implikatur pacaturan umum sajrone pacaturan grup *whatsapp* 2014 B taun 2017 yaiku implikatur kang ora migunakake konteks *mligi* sajrone pacaturan grup *whatsapp* 2014 B taun 2017. Pacaturan-pacaturan grup *whatsapp* 2014 B taun 2017 kang wis diklumpukake ing jinis implikatur konversasional umum bakal dijentrehake ing ngisor iki.

(31) **Alvian** : Haha senengane Ryan iku Rez, UC ae nganti dipassword

*'Haha kesukaannya Ryan itu Rez, UC aja sampai dipassword'*

**Ryan** : Astagfirullah gk apik, fitnah iku  
*'Astagfirullah tidak baik, fitnah itu'*  
(Whatshapp grub 2014 B 3/Januari/2017)

Pacaturan ing ndhuwur bisa tuwu amarga panutur menehi ngerti yen kancane yaiku Ryan seneng mbuka tontonan kang ora pantes nganti aplikasi *UC Browser* dikunci lan mitra tutur yaiku kanca kang dimaksud menehi tanggepan yen dheweke selak anggone nonton tontonan kang ora pantes kasebut. Pacaturan kasebut kalebu jinis implikatur konversasional umum amarga ora nduwe lelandhesan utawa paugeran *khusus/ mligi* utawa pacaturan kasebut ora mung mahasiswa kelas 2014 B kang ngerten nanging uga mahasiswa liya uga bisa ngerten maksud kasebut. Implikatur saka pacaturan kasebut yaiku menehi ngerti yen Ryan seneng mbuka tontonan kang ora pantes nganti aplikasi *UC Browser* dikunci, amarga dikunci yaiku supaya wong liya ora isa mbuka aplikasi kasebut lan ngerti *riwayat web* kang dibuka. Konteks saka pacaturan implikatur konversasional umum kasebut yaiku mahasiswa 2014 B kang lagi nyemoni kanca sakelase.

Dhata (43) adhedhasar anane panutur kang menehi ngerti marang mahasiswa kelas 2014 B. Bisa diweruhi yen panutur minangka salah sijine mahasiswa anggota kelas 2014 B. Pacaturan iku ditanggepi dening mitra tutur kang uga mahasiswa anggota kelas 2014 B. Dadi, panutur (Alvian) lan mitra tutur (Ryan) duweni sesambungan status sosial yaiku rumaja lanang lan rumaja lanang,

sesambungane panutur lan mitra tutur yaiku kanca raket, uga bisa diweruhi yen pacaturan kasebut ing wayah bengi. Pacaturan iki kalebu jinis implikatur konversasional umum.

#### **4.1.2.2 Jinis Implikatur Konversasional Mligi sajrone Pacaturan Basa Jawa ing Medhia Whatsapp Grup 2014 B Taun 2017**

Pacaturan kang dumadi konteks kang mligi kerep nuwuha ke panemu kang dingerten ikanthi lokal. Inferensi-inferensi kang dadi sarat kanggo nemtokake maksud kang diandharake bakal ngasilake implikatur mligi. Implikatur pacaturan *khusus*/mligi sajrone pacaturan grup *whatsapp* 2014 B taun 2017 yaiku implikatur kang migunakake konteks mligi sajrone pacaturan grup *whatsapp* 2014 B taun 2017. Pacaturan-pacaturan grup *whatsapp* 2014 B taun 2017 kang wis diklumpukake ing jinis implikatur konversasional mligi bakal dijentrehake ing ngisor iki.

(32) **Ella** : Sakelompok kok mung Yoseph ya sing beda  
'Sakelompok ku kok cuma Yoseph ya yang beda'

**Lutfi** : Alhamdulillah. Beb Ella ku syg sing nggarap  
'Alhamdulillah. Beb Ella ku sayang yang mengerjakan'

(Whatshapp grub 2014 B 6/Januari/2017)

Pacaturan ing ndhuwur bisa tuwuhan amarga panutur lagi bingung yen sakelompoke mung Yoseph kang beda Bijine lan mitra tutur menehi tanggepan ngucap sokur yen panutur (Ella) kang nggarap tugas kasebut. Pacaturan kasebut kalebu jinis implikatur konversasional mligi amarga migunakake konteks mligi sajrone pacaturane, maksud implikatur kasebut kang isa ngerten iku mung mahasiswa kelas 2014 B lan ora asipat umum. Implikatur saka pacaturan kasebut yaiku bingung yen sakelompoke mung Yoseph kang beda Bijine, jalaran Yoseph ora melu nggarap tugas kelompok kasebut. Konteks saka pacaturan implikatur konversasional mligi kasebut yaiku mahasiswa 2014 B kang lagi bingung ngenani bijine kancane.

Dhata (54) adhedhasar anane panutur kang lagi bingung marang salah siji mahasiswa kelas 2014 B. Bisa diweruhi yen panutur minangka salah sijine mahasiswa anggota kelas 2014 B. Pacaturan iku ditanggepi dening mitra tutur kang uga mahasiswa anggota kelas 2014 B. Dadi, panutur (Ella) lan mitra tutur (Lutfi) duweni sesambungan status sosial

yaiku rumaja wadon lan rumaja wadon, sesambungane panutur lan mitra tutur yaiku kanca raket, uga bisa diweruhi yen pacaturan kasebut ing wayah bengi. Pacaturan iki kalebu jinis implikatur konversasional mligi.

#### **4.2 Tujuwan Implikatur sajrone Pacaturan Basa Jawa ing Medhia Whatsapp Grup 2014 B Taun 2017**

Implikatur minangka maksud kang sinirat sajrone tuturan. Implikatur ing kene bisa diarani minangka tindak tutur. Mula saka kuwi, implikatur duweni tujuwan tartamtu. Tujuwan implikatur bisa digambarake saka maksud kang diandharake dening panutur marang mitra tutur ing antarane yaiku, implikatur kanthi tujuwan *ekspresif* lan implikatur kanthi tujuwan *direktif*. Kanggo nganalisis tujuwan implikatur, umume digayutake karo tindak ilokusi sajrone kesantunan kabasan. Tujuwan implikatur sajrone pacaturan basa Jawa ing medhia *Whatsapp* grup kelas 2014 B taun 2017 bisa diandharake ing ngisor iki.

##### **4.2.1 Implikatur kanthi Tujuwan Ekspresif**

Implikatur *ekspresif* kang katon sajrone pacaturan basa Jawa ing medhia *Whatsapp* grup kelas 2014 B taun 2017 ing antarane duweni tujuwan minangka pasemon, panyaru, lan pepujen. Sabanjure yaiku minangka implikatur kang duweni tujuwan *ekspresif* sajrone pacaturan basa Jawa ing medhia *Whatsapp* grup kelas 2014 B taun 2017.

##### **4.2.1.1 Implikatur Kanthi Tujuwan Ekspresif Pasemon**

**Lutfi** : Isa muni ta dhuwite?  
'Bisa bicara ya uangnya? Hahaha'

**Yeni** : Iyaa e njaluk bali nang wonge wkwkwk "ngguyu"  
'Iyaa kok minta pulang ke yang punya wkwkwk'

(Whatshapp grub 2014 B 2/Mei/2017)

Tuturan kasebut yaiku anane panutur lan mitra tutur kang nyemoni salah sijine bendahara kelas 2014 B ngenani dhuwit kas kelas kang isih turah supaya dibalekake maneh utawa diwenehake marang kabeh mahasiswa kelas 2014 B. Ing kono panutur nyemoni kanthi nyebut yen dhuwite apa isa muni, banjur mitra tutur nanggepi maksud saka panutur yaiku kanthi nyebut yen dhuwite njaluk bali menyang wonge maneh. Tuturan ing ndhuwur duweni tujuwan kanggo nyemoni pihak tartamtu. Pasemonan kasebut sinirat ing "isa muni ta

dhuwite?" utawa "njaluk bali nang wonge". Tuturan kasebut dituturake dening panutur lan mitra tutur ora mung kanggo nakokane marang salah sawijine bab. Ananging, duweni maksud kanggo nyemoni salah siji mahasiswa kelas 2014 B kang ora age-age menehake turahan dhuwit kas kelas saengga ndadekake pitakonan dening kancane-kancane.

#### **4.2.1.2 Implikatur Kanthi Tujuwan Ekspresif "panyaru"**

**Diki** : Ayo cah kapan maneh plesiran bareng sakelas  
*'ayo teman kapan lagi plesiran bareng satu kelas'*

**Dhea** : Mben dina plesiran ng kampus ngno kok \*ngece\*  
*'Tiap hari plesiran dikampus gitu kok hahaha'*

(Whatshapp grub 2014 B 1/Februari/2017)

Tuturan kasebut yaiku anane panutur kang menehi panyaru marang kancane sakelas yen dheweke ngajak plesiran bareng sakelas, amarga salawase kuwi durung nate dolan sakelas bareng. Tuturan ing ndhuwur duweni tujuwan menehi panyaru marang kabeh kancane sakelas 2014 B. Panyaru kasebut ditengeri kanthi tuturan "ayo cah kapan maneh plesiran bareng sakelas". Tuturan kasebut dituturake dening panutur amarga panutur ngrasa yen anggone bebarengan sakelas salawase kuwi, kabeh sakelas 2014 B ora nate dolan bareng lan panutur duweni tujuwan kanggo ngraketake pasedulurane kanca sakelas.

#### **4.2.1.3 Implikatur Kanthi Tujuwan Ekspresif "pepujen"**

**Fenita** : Sing kekinian ndang tuku hijab organza wkwkwk  
*'Yang kekinian segera beli hijab organza wkwkwk'*

**Titis** : Poto2  
*'Foto-foto'*

(Whatshapp grub 2014 B 27/Agustus/2017)

Tuturan ing ndhuwur panutur ngandharake yen kancane kang *kekinian* supaya tuku hijab Organza. Tuturan kasebut ngandhut implikatur ekspresif kang duweni tujuwan kanggo menehi pepujen marang kancane kang *kekinian*. Pepujen kasebut nduwweni tetenger kanthi tuturan "sing kekinian ndang tuku hijab Organza". Panutur

ngandharake pepujen kasebut amarga panutur menehi apresiasi marang kanca-kancane sakelas, mligine marang kanca-kancane kang dianggep *kekinian* kuwi mau supaya gelem tuku hijab Organza kang ditawakake marang kancane sakelas.

#### **4.2.2 Implikatur kanthi Tujuwan Direktif**

Implikatur direktif kang ana sajrone pacaturan basa Jawa ing medhia Whatsapp grup kelas 2014 B taun 2017 ing antarane duweni tujuwan kanggo mrintah, ngajak, ngarepake, jaluk tulung, lan menehi saran. Perangan kang ana sajrone pacaturan basa Jawa ing medhia Whatsapp grup kelas 2014 B taun 2017 kasebut bakal diandharake ing ngisor iki.

#### **4.2.2.1 Implikatur Kanthi Tujuwan Direktif "Mrentah"**

**Fifi** : Rek dhata dhiri sing nang Siakad kuwi ndang isien! Kuwi gawe dhata dhiri ng Dikti. Sg durung sapa wae?  
*'Rek data diri yang di Siakad itu segera di isi! Itu untuk data diri di Dikti. Yang belum siapa saja?'*

**Yoseph** : Sing ndi iku  
*'yang mana itu'*

(Whatshapp grub 2014 B 3/Januari/2017)

Tuturan sajrone pacaturan ing ndhuwur ngenani dhata dhiri mahasiswa kang kudu age-age diisi ing Siakad, amarga kanggo identitas dhata dhiri ing Dikti. Tuturan ing dhuwur duweni tujuwan kanggo mrentah. Tujuwan mrentah katon ing tuturan "Rek dhata dhiri sing nang Siakad ndang isien!" kang dituturake dening panutur. Panutur ngandharake ungkapan kasebut amarga panutur kepengin kabeh kanca mahasiswa kelas 2014 B ora telat anggone ngisi dhata dhiri ing Siakad amarga kanggo identitas dhata dhiri ing Dikti.

#### **4.2.2.2 Implikatur Kanthi Tujuwan Direktif "Ngajak"**

**Diki** : Ayo cah kapan maneh plesiran bareng sakelas  
*'ayo teman kapan lagi plesiran bareng satu kelas'*

**Dhea** : Mben dina plesiran ng kampus ngno kok \*ngece\*  
*'Tiap hari plesiran dikampus gitu kok hahaha'*

(Whatshapp grub 2014 B 1/Februari/2017)

Tuturan sajrone pacaturan ing ndhuwur ngenani panutur kang ngajak kanca-kancane sakelas kanggo dolan bareng, amarga dheweke kepengin ngraketake paseduluran kanca-kanca sakelas 2014 B. Tuturan ing dhuwur duweni tujuwan kanggo ngajak. Tujuwan ngajak katon ing tuturan "Ayo cah kapan maneh plesiran bareng sakelas" kang dituturake dening panutur. Panutur ngandharake ungkapan kasebut amarga panutur kepengen ngajak kabeh kancane sakelas 2014 B kanggo dolan/plesiran bareng, supaya kanggo ngraketake paseduluran lan duweni *moment* kang ora bisa dilalekake marang kabeh mahasiswa kelas 2014 B

#### **4.2.2.3 Implikatur Kanthi Tujuwan Direktif "ngarepake"**

**Rerik :** Rek gak pengin dolan kontrakan?  
Aku dhewe  
'Teman-teman tidak ada yang pengen kekontrakan? Saya sendiri'  
**Rezky:** Iya tak dolani. Cepakna wedang kopi sak gorengane  
'Iya aku main kesitu. Siapkan kopi sama gorengannya'

(Whatshapp grub 2014 B 12/Juli/2017)

Tuturan sajrone pacaturan ing ndhuwur ngenani panutur kang golek kanca kanggo ngancani dheweke ana ing kontrakan, amarga dheweke lagi dhewekan ing kontrakan. Tuturan ing dhuwur duweni tujuwan kang ngarepake. Tujuwan ngarepake katon ing tuturan "Rek gak pengin dolan kontrakan? Aku dhewe" kang dituturake dening panutur. Panutur ngandharake ungkapan kasebut amarga panutur kewedan ana ing kontrakan dhewekan, mula saka kuwi dheweke ngarepake kanca-kancane sakelas 2014 B kanggo dolan ing kontrakan.

#### **4.2.2.4 Implikatur Kanthi Tujuwan Direktif "njaluk tulung"**

**Lutfi :** Rek Statistik No 5 kirim nang grup po o rek. Pliiss, cek ndang mari \*ngguyu\*  
'Rek Statistik No. 5 kirim di grup ya teman. Pliss, segera cepet selesai'  
**Fadhila :** Wkwkw durung "ngguyu"  
'Wkwkw belum'

(Whatshapp grub 2014 B 5/Juni/2017)

Tuturan sajrone pacaturan ing ndhuwur ngenani panutur kang njaluk tulung supaya kancane ngirimake tugas mata kuliyah Statistik nomer 5 kang wis rampung, amarga dheweke kangelan lan durung rampung anggone nggarap tugas kasebut. Tuturan ing dhuwur duweni tujuwan kanggo njaluk tulung. Tujuwan njaluk tulung katon ing tuturan "Rek Statistik No 5 kirim nang grup po o rek. Pliiss, cek ndang mari" kang dituturake dening panutur. Panutur ngandharake ungkapan kasebut amarga panutur njaluk tulung supaya kancane ngirimake tugas mata kuliyah Statistik nomer 5 kang wis rampung, amarga dheweke kangelan lan durung rampung anggone nggarap tugas kasebut.

#### **4.2.2.5 Implikatur Kanthi Tujuwan Direktif "Menehi Pamrayoga"**

**Alvian :** Lut aja sering nganggo headset  
'Lut jangan sering-sering pakai headset'  
**Lutfi :** Iya Rekkk iyaaa  
'Iya Rekk iyaa'  
(Whatshapp grub 2014 B 6/Januari/2017)

Tuturan sajrone pacaturan ing ndhuwur ngenani panutur kang menehi pamrayoga marang kancane supaya ora kerep-kerep nganggo Headset, amarga yen kerep nggunakake Headset miturut panutur kurang apik marang kesehatane salah sijine bisa ngrusak otak amarga radiasi kang disebabake. Tuturan ing dhuwur duweni tujuwan kanggo menehi pamrayoga. Tujuwan menehi pamrayoga katon ing tuturan "Lut aja sering nganggo headset" kang dituturake dening panutur. Panutur ngandharake ungkapan kasebut amarga panutur menehi pamrayoga marang kancane supaya ora kerep-kerep nganggo Headset, amarga yen kerep nggunakake Headset miturut panutur kurang apik marang kesehatane salah sijine bisa ngrusak otak amarga radiasi kang disebabake.

### **4.3 Asil Panliten lan Dhiskusi Asil Panliten**

Adhedhasar andharan lan jlentrehan ing ndhuwur, diweruhi jinis implikatur sajrone pacaturan basa Jawa ing medhia *whatsapp* grup 2014 B taun 2017. Jinis implikatur sajrone pacaturan basa Jawa ing medhia *whatsapp* grup 2014 B taun 2017 iki ana loro, yaiku kapisan implikatur konvensional sajrone pacaturan *whatsapp* grup 2014 B taun 2017

kang diperang maneh dadi loro, yaiku implikatur konvensional simbolik lan implikatur konvensional non-simbolik, lan jinis kapindho implikatur konversasional sajrone pacaturan *whatsapp* grup 2014 B taun 2017, uga diperang maneh dadi loro, yaiku implikatur konversasional umum lan implikatur konversasional mligi. Uga diweduhi tujuwan implikatur kang ana ing pacaturan *whatsapp* grup 2014 B taun 2017 kang kaperang dadi loro, yaiku implikatur kanthi tujuwan *ekspressif* lan implikatur kanthi tujuwan *direktif*. implikatur kanthi tujuwan *ekspressif* kaperang maneh dadi telu, yaiku implikatur kanthi tujuwan *ekspressif* (mrentah), implikatur kanthi tujuwan *ekspressif* (ngajak), implikatur kanthi tujuwan *ekspressif* (ngarepake). implikatur kanthi tujuwan *direktif* uga kaperang dadi lima, yaiku implikatur kanthi tujuwan *direktif* (mrentrah), implikatur kanthi tujuwan *direktif* (ngajak), implikatur kanthi tujuwan *direktif* (ngarepake), implikatur kanthi tujuwan *direktif* (njaluk tulung), implikatur kanthi tujuwan *direktif* (menehi pamrayoga).

Dhiskusi asil panliten ing implikatur konversasional sajrone pacaturan *whatsapp* grup 2014 B taun 2017 kapisan kang prelu dirembug yaiku maksud utawa implikasi kang ana sajrone pacaturan *whatsapp* mligine ing grup 2014 B taun 2017. Implikatur ana sajrone pacaturan *whatsapp* grup 2014 B taun 2017 bisa diperang dadi loro, yaiku implikatur konvensional sajrone pacaturan *whatsapp* grup 2014 B taun 2017 lan implikatur konversasional sajrone pacaturan *whatsapp* grup 2014 B taun 2017. implikatur konvensional diperang maneh dadi loro, yaiku implikatur konvensional simbolik lan implikatur konvensional non-simbolik, yen implikatur konversasional kaperang maneh dadi loro, yaiku implikatur konversasional umum lan implikatur konversasional mligi. Dhasar perangan pacaturan kasebut yaiku adhedhasar wujud dhata ing pacaturan *whatsapp* grup 2014 B taun 2017. Saka panliten-panliten implikatur kang wis ana lan tau dirembug, implikatur sajrone pacaturan basa Jawa ing medhia sosial *whatsapp* iki durung tau dirembug, mula panliten iki nuwuhake panliten anyar sajrone ilmu pragmatik mligine Implikatur.

## PANUTUP

Bab lima iki bakal ngandharake dudutan panliten ngenani implikatur sajrone pacaturan basa Jawa ing medhia *whatsapp* grup 2014 B taun 2017. Bab lima kaperang dadi loro yaiku, dudutan panliten lan pamrayogane, kaya ing ngisor iki.

### 5.1 Dudutan

Panliten prekara implikatur sajrone pacaturan basa Jawa ing medhia *whatsapp* grup 2014 B taun 2017 kasebut ngasilake wujud implikatur kang ana ing pacaturan *whatsapp* grup kelas 2014 B. Bisa didudut yen asile panliten ngenani implikatur sajrone pacaturan basa Jawa ing medhia *whatsapp* grup 2014 B taun 2017 yaiku ngandharake lan njlentrehake jinise implikatur konvensional lan jinise implikatur konversasional sajrone pacaturan *whatsapp* grup 2014 B taun 2017 lan tujuwan implikatur sajrone pacaturan *whatsapp* grup 2014 B taun 2017.

Pacaturan *whatsapp* grup 2014 B taun 2017 kang kalebu ing jinis implikatur konvensional kasebut kaperang dadi 7 pacaturan *whatsapp* grup 2014 B taun 2017 kalebu jinis implikatur konvensional simbolik lan 35 pacaturan *whatsapp* grup 2014 B taun 2017 kalebu jinis implikatur konvensional non-simbolik. Pacaturan *whatsapp* grup 2014 B taun 2017 kang kalebu ing jinis implikatur konversasional kasebut kaperang dadi 11 pacaturan *whatsapp* grup 2014 B taun 2017 kang kalebu jinis implikatur konversasional umum lan 21 pacaturan *whatsapp* grup 2014 B taun 2017 kang kalebu jinis implikatur konversasional mligi. Pola pamilie tembung lan ukara ing implikatur konversasional sajrone pacaturan *whatsapp* grup 2014 B taun 2017 kang dipunjerake ing ragam basa yaiku kaperang dadi 5 yaiku ragam basa Jawa ngoko, ragam basa Jawa krama, ragam basa campuran (Jawa-Indonesia), ragam basa campuran (Jawa-Inggris), lan ragam basa campuran (Jawa-Arab). Uga tujuwan kang kinandhut ing implikatur sajrone pacaturan basa Jawa ing medhia *whatsapp* grup 2014 B taun 2017 kang kaperang dadi 2 yaiku implikatur kanthi tujuwan *Ekspressif*, ing tujuwan *Ekspressif* kaperang maneh dadi 3 yaiku implikatur kanthi tujuwan *Ekspressif* (pasemon), implikatur kanthi tujuwan *Ekspressif* (panyaru), lan implikatur kanthi tujuwan *Ekspressif* (pepujen), lan implikatur kanthi tujuwan *Direktif* kaperang dadi 5 yaiku

implikatur kanthi tujuwan *Direktif* (mrentah), implikatur kanthi tujuwan *Direktif* (ngajak), implikatur kanthi tujuwan *Direktif* (ngarepake), implikatur kanthi tujuwan *Direktif* (njaluk tulung), lan implikatur kanthi tujuwan *Direktif* (menehi pamrayoga).

## 5.2 Pamrayoga

Panliten iki isih akeh lupiter, mula panliti ngarepake ana panyaru kang asipat mangun supaya panliti sabanjure bisa kasil kang luwih apik. Saliyane kuwi panliti uga menehake pamrayoga kanggo panliten ngenani implikatur sajrone pacaturan basa Jawa ing medhia aplikasi, yaiku (1) isih akeh topik panliten ngenani implikatur sajrone pacaturan basa Jawa ing medhia aplikasi liyane kang durung ditliti, mligine kanggo mahasiswa basa Jawa diajab bisa luwih sregep nindakake panliten ngenani implikatur sajrone pacaturan basa Jawa ing medhia aplikasi, (2) panliten ngenani implikatur sajrone pacaturan basa Jawa ing medhia aplikasi *whatsapp* mesthine duweni luput lan kurang. Mula diajab ana panliten kang bisa menehi koreksi tumrap asile panliten.

## KAPUSTAKAN

Alamsyah, Teuku. 2010. *Pragmatik. Modul* tidak diterbitkan. Banda Aceh: FKIP Unsyiah.

Brown, Gilian and George Yule. 1996. *Analisis Wacana* (terj. Soetikno, I). Jakarta: Gramedia Pustaka Utama

Cummings, Louise. 2010. *Clinical Pragmatics*. Cambridge: Cambridge University Press

Dia, Eva Eri. 2012. *Analisis Praanggapan Konsep Tindak Tutur (Presuposision) dalam Program Talk Show*. Malang: Madini.

Djajasudarma, T Fatimah. 2010. *Metode Linguistik: Ancangan Metode Penelitian dan Kajian*. Bandung: Reitika Aditama

Grice, H.P. 1975. *Logic and Conversation dalam Peter Cole dan Jerry L. Morgan (ed)*. Syntax and Semantics, Volume 3. New York: Academia Press

Hamidi. 2004. *Metode Penelitian Kualitatif: Aplikasi Praktis Pembuatan Proposal dan Laporan Penelitian*. Malang: UMM Press

Hartmann, R.R.K., & Stork, F.C. 1973. *Dictionary of Language and Linguistic*. London: Applied Science Publisher

Leech, Geoffrey. 1993. *Prinsip-prinsip Pragmatik Terjemahan* M.D.D. Oka Jakarta: Penerbit Universitas Indonesia

Levinson, Stephen C. 1991. *Pragmatics*. Cambridge: Cambridge University Press

Lyons, John. 1995. *Linguistics Semantic and Introductions*. Cambridge: Cambridge University Press

Mulyana, Dddy. 2005. *Ilmu Komunikasi Suatu Pengantar*. Bandung: PT.Remaja Rosdakarya

Nababan, P.W.J. 1987. *Ilmu Pragmatik (Teori dan Penerapannya)*. Jakarta: Depdikbud

Nadar, FX. 2009. *Pragmatik dan Penelitian Pragmatik*. Yogyakarta: Graha Ilmu

Purwo, Kaswanti Bambang. 1990. *Pragmatik dan Pengajaran Bahasa: Menyibak Kurikulum 1984*. Yogyakarta: Kanisius

Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press

Sugiyono. 2006. *Memahami Penelitian Kualitatif*. Bandung: Alfabet.

Sulianta, Feri. 2015. *Keajaiban Sosial Media*. Jakarta: PT. Elex Media Komputindo

Sutopo. 2006. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Surakarta: UNS

Tarigan, Henry Guntur. 2009. *Pengkajian Pragmatik*. Bandung: Angkasa

Wijana, I. Dewa Putu.1996. *Dasar-Dasar Pragmatik*.Yogyakarta: Andi

Wijana, I Dewa Putu & Rohmadi, Muhammad. 2009. *Analisis Wacana Pragmatik Kajian Teori dan Analisis*. Surakarta: Yuma Pustaka.

Yule, George. 2006. *Pragmatik*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar

Yuniseffendri. 2007. *Analisis Wacana*. Surabaya: Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Surabaya

<http://kepo-doank.blogspot.co.id/2013/01/apa-itu-whatsapp-messenger.html>